



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LARI AK METWO KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE OGMANTASYON PREZANS FÒS DE LÒD YO AK MEZI SEKIRITE ADISYONÈL NAN SISTÈM METWO YO

Chak tren anba tè ap gen de ofisye an inifòm abò ant 9:00 p.m. ak 5:00 a.m.

Prèske 300 ofisye an inifòm ap fè patwouy nan anviwon 150 tren; premye faz la ap Kòmanse 20 janvyè

Y ap enstale nouvo baryè pwoteksyon sou platfòm yo nan plis pase 100 estasyon; Y ap enstale ekleraj LED nan tout estasyon metwo yo pou ogmante vizibilite

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams te anonse jodi a pou ranfòse fòs de lòd ak mezi sekirite adisyonèl nan tout sistèm metwo Vil Nouyòk. Efò sis mwa sa a ap pèmèt pou deplwaye anviwon 300 ofisye an inifòm sou prèske tout 150 tren lannwit yo, avèk de ofisye an inifòm ki plase nan chak tren ant 9:00 p.m. ak 5:00 a.m.; Depatman Lapolis nan Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD) ap deplwaye premye faz ofisye yo pandan lè lannwit sa yo apati lendi 20 janvyè. Nan kad Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul anonse yon seri [nouvo mezi konplè pou rann sistèm transpò piblik la pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo](#), sa ki enkli ogmante prezans fòs de lòd, envesti pou amelyore enfrastrikti sekirite ak ranfòse politik sante mantal.

"Mwen pran angajman pou asire ke chak pasaje santi yo an sekirite lè yo antre nan sistèm transpò piblik nou an epi yo nan metwo a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Krim ak laperèz pou krim yo bezwen redwi, epi ranfòse patwouy fòs de lòd, baryè pwoteksyon ak ekleraj LED ap ogmante sekirite sistèm metwo a pou pasaje yo ak travayè transpò piblik yo."

Majistra Vil Nouyòk la, Eric Adams, te deklare, "Pandan ke administrasyon nou an ap kontinye redui krim, alafwa anlè ak anba, nou dwe fè tout sa nou kapab pou anpeche zak vyolans owaza epi asire ke tout Nouyòkè yo pa sèlman an sekirite, men yo santi yo an sekirite tou. Lè m ap monte tren yo epi m ap pale ak Nouyòkè chak jou yo, yo toujou di m ke yo vle plis ofisye nan metwo yo ak plis sipò pou moun ki soufri maladi mantal grav. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou patenarya li. Li toutafè gen rezon di ke

nou dwe kontinye priyorize investisman sa yo —paske sekirite piblik la se kondisyon pwosperite."

Gouvènè Hochul te travay yon fason pwo-aktif pou reponn ak enkyetid sou sekirite nan metwo vil Nouyòk yo. Sa enkli deplwaman plis pase 1,250 pèsònèl eta a pou ede NYPD ak tchèk valiz yo ak yon inisyativ pou enstale kamera sekirite nan chak vagon metwo — yon objektif ki te reyalize nan 8 mwa apre yo te anonse l. Gouvènè Hochul konnen ke yo dwe fè plis pou satisfè defi sa a, epi li ap bati sou fondasyon inisyativ anvan yo ak nouvo investisman ak agrandisman pwogram yo.

Nouvo mezi sa yo kontinye angajman Gouvènè a pou priyorize sekirite piblik la epi pwoteje pasaje ak travayè yo nan tout sistèm metwo a.

Ogamante Prezans Fòs de Lòd nan Tout Sistèm nan

Gouvènè Hochul asosye ak otorite Vil Nouyòk yo pou ogmante prezans fòs de lòd nan tout sistèm metwo yo pandan sis pwochen mwa yo. Anviwon 300 ofisye nan Depatman Lapolis Nouyòk (NYPD) ap travay apati 9 p.m. jiska 5 a.m., avèk de ofisye an inifòm abò chak tren anba tè an sèvis pandan lè sa yo. Yo prevwa patwouy prèske 150 tren lannwit yo ap dire pou sis pwochen mwa yo. Eta a ak Vil La ap kouvri ansanm 154 milyon dola nan depans jeneral pou deplwaman an, avèk 77 milyon dola soti nan Vil Nouyòk epi 77 milyon dola soti nan Eta Nouyòk.

Nouvo Baryè Pwoteksyon Pou Pwoteje Pasaje yo

Gouvènè Hochul ap bay finansman pou enstale baryè arebò platfòm yo nan plis pase 100 lòt estasyon nan fen 2025 lan. Seleksyon estasyon pou pwosesis enstalasyon an ap priyorize fezabilite, ki enkli estasyon ki gen pozisyon pou kanpe tren regilye yo nan segman tren **1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, F, M** ak **L** yo. Pami liy tren sa yo, y ap priyorize estasyon ki gen nivo transpò pasaje ki pi elve ak platfòm zile yo.

Manm Asanble Alex Bores te deklare, "Baryè arebò platfòm yo se mwayen alafwa ki pi bon mache ak pi rapid pou rann estasyon vin pi an sekirite epi fè moun yo santi yo pi an sekirite. Sa ap pote soulajman lè nou konnen gen yon kote ki an sekirite pou tann tren an. Aprè Otorite transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority MTA) an te teste yo avèk siksè ane pase, mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li bay priyorite ak deplwaman baryè nan 100 estasyon nan kad yon plan konplè pou sekirite nan metwo yo."

Enstale ekleraj LED pou ogmante vizibilite

Gouvènè a ap bay finansman tou pou enstale ekleraj LED nan tout estasyon metwo nan tout sistèm nan k ap ogmante vizibilite nan tout estasyon yo.

Anpeche Evazyon Tarif

Pou abòde evazyon tarifè a, Gouvènè Hochul ap investi nan baryè antre modèn nan plis pase 20 estasyon atravè sistèm nan an 2025, ak yon lòt 20 estasyon an 2026. Anplis, baryè sòti yo ap retade nan 150 lòt estasyon nan yon efò pou diminye evazyon tarifè a. Sou demann Gouvènè a, MTA ap priyorize estasyon ki gen trafik pasaje ki pi

wo yo, fonksyon aksesibilite ak sila ki gen evazyon tarifè ki pi wo yo. Yo te solisite konsepsyon pilòt yo itilize nan deplwaman an atravè " Demann Enfòmasyon"MTA a pou kalifye pwochè jenerasyon baryè antre atravè sistèm nan. Yo pwograme enstalasyon inisyalyal ap kòmanse nan 42 St-Port Authority, Delancey St-Essex St ak Roosevelt Av-Jackson Heights.

Ogmante Patenarya ak Resous Sante Mantal

Inisyativ Soutyen Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) Gouvènè Hochul la te fè apeprè 850 moun ki te san lojman fè tranzisyon ki reyisi nan lojman pèmanan epi kontinye fè pwogrè. Ekip SOS la te ki deplwaye atravè Eta Nouyòk te souvan rankoutre moun ki eksperimante bezwen medikal ak psikyatrik ki pa satisfè. Pou abòde eka sa, Gouvènè Hochul ap ajoute prestatè medsin nan lari ak psikyatrik nan lari nan ekip SOS nan tout eta a. Prestatè sa yo ap bay swen ki apwopriye dirèkteman bay moun pandan sansibilizasyon, amelyore aksè nan evalyasyon psikyatrik ak tretman medikal san yo pa mande moun yo kite sa yo posede oswa chèche swen nan lopital. Apwoch sa ap ranfòse konfyans, konstui rapò epi ankouraje moun yo aksepte sèvis yo epi fè tranzisyon andedan, k ap amelyore rezilta pou rezidan Nouyòk ki pi vilnerab yo.

Anplis — pou ede diminye moun ki sanzabri yo plis nan sistèm metwo a — Gouvènè Hochul ap travay ak Sèvis Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri Vil NY la (NYC Department of Homeless Services) pou ogante modèl 24/7 “Sant Dakèy” ki toupre liy sòti estasyon yo epi k ap kreye espas nan estasyon yo ki gen yon gwo prezans moun ki sanzabri pou ekip sansibilizasyon mobil nou yo konekte pi byen epi kowòdone sèvis yo.

Gouvènè Hochul te anonse anvan, yon investisman 20 milyon dola pou elaji Ekip Sansibilizasyon Ko-Repons nan metwo (Subway Co-Response Outreach Teams, SCOUT) nan tout sistèm nan a 10 disisi fen 2025 lan, nan kad plan senk pwen li a pou pwoteje Nouyòkè nan metwo a. Ekip SCOUT yo fòme pou adrese ka ki pi grav nan kriz sante mantal nan sistèm metwo a epi ede Nouyòkè yo jwenn aksè nan tretman sante mantal ak lojman ki bay sipò.

Gouvènè a te li yon priyorite nan administrasyon li a, pou ranfòse sistèm sante mantal Eta Nouyòk la, fè investisman istorik nan lojman pou moun ki gen maladi mantal epi mande yon gwo ogmantasyon nan kapasite kabann psikyatrik yo nan sistèm lopital kominotè ke eta a dirije yo. Anplis, inisyativ li a te ogmante sèvis prevansyon yo, amelyore kouvèti asirans, epi ogmante sèvis ekstèn pou moun ki gen maladi mantal yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)